



Pou Piblikasyon Imedya: 13/09/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO, GOUVÈNÈ CARNEY AK GOUVÈNÈ WOLF APWOUVE  
REZOLISYON POU BANI FRAKTIRASYON DEFINITIF NAN BASEN  
RIVYÈ DELAWARE LA**

***Basen Rivyè Delaware Lan Epwize nan Pati New York, New Jersey, Pennsylvania,  
ak Delaware; Li Ap Bay Dlo Potab pou Plis Pase 15 Milyon Moun***

Gouvènè Andrew M. Cuomo, ansanm ak Gouvènè Delaware ak Pennsylvania yo, ki anglobe yon majorite nan Komisyon Basen Rivyè Delaware lan (Delaware River Basin Commission, DRBC), yo te anonse jodi a ke yo te vote an favè yon rezolisyon ki te prezante pa komisyon an pou bay premye vèsyon règleman ki pou bani definitivman fraktirasyon idwolik yo pou kabiran ak gaz nan Basen Rivyè Delaware lan.

Vòt DRBC a te twa pou ak yon abstansyon nan adopsyon rezolisyon an pou pwomilge règleman yo ki pral entèdi nenpòt pwojè dlo nan Basen Rivyè Delaware lan ki pwopoze pou devlope resous kabiran ak gaz yo apati gwo volim fraktirasyon idwolik yo.

“Pwoteje epi prezève sous dlo nou yo sa primòdyal pou kapab asire ke sante ak byenèt moun New York yo ansanm ak tout abitan ki ap viv bò Basen Rivyè Delaware lan”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Ak rezolisyon sa, DRBC ap ajoute sou lidèchip New York pou kapab pwoteje anviwònman an ak sante piblik kont fraktirasyon idwolik, pandan ke y’ap pwoteje sous dlo vital sa ke plizyè milyon moun depann de li chak jou. Mwen fyè pou mwen kanpe ansanm ak kòlèg mwen yo ki soti Delaware ak Pennsylvania nan apwobasyon rezolisyon enpòtan sa, epi nou pral kontinye travay sou devlopman règleman ki nesèsè yo pou kapab mete kòd nan rezolisyon sans komen sa.”

Gouvènè Delaware lan John Carney te deklare ke rezolisyon DRBC a li konsistan ak Lwa sou Konsèvasyon Basen Rivyè Delaware lan (Delaware River Basin Conservation Act), ki se yon dokiman lwa ke Carney te entwodwi epi ki te adopte pa Kongrè a an 2016, nan ede asire ke yo pral pwoteje resous dlo basen an yo pou jenerasyon prezan ak fiti yo. “Frakti yo kapab diminye sous dlo yo ki nan Basen Rivyè Delaware lan, alafwa atravè konsomasyon ak kalite dlo ki degrade yo”, se sa Gouvènè Carney te deklare. “Nou kontan pou nou rejwenn alafwa New York ak Pennsylvania nan vote an favè rezolisyon sa, ki pral pwoteje sante piblik, ak yon sous dlo presye. Aksyon sa pral garanti ke fraktirasyon pou kabiran ak gaz yo pa pral menase sous dlo yo ki nan Basen an.”

Gouvènè Pennsylvania a Tom Wolf te deklare ke li kontan pou wè DRBC franchi yon pa annavan apre plizyè ane etid. “Jodi a, nou ap aji pou pwoteje yon basen vèsan ki ap bay dlo potab pou plis pase 15 milyon moun nan yonn nan zòn ki pi peple masivman yo nan peyi a. Mwen kwè rezolisyon sa ap prezève kalite dlo ak sous dlo pou abitan yo ki bò basen vèsan an, epi li pral pwoteje resous presye sa pou jenerasyon ki gen pou vini yo”, se sa Gouvènè Wolf te deklare. “Mwen te sipòte rezolisyon sa depi lè ke mwen te yon kandida pou Gouvènè Pennsylvania, epi mwen fyè poutèt nou te travay an kolaborasyon pou fè pwosesis sa vanse apre prèske yon dekad travay nan DRBC a.”

Basen Rivyè Delaware lan, ki epwize nan pati New York, New Jersey, Pennsylvania, ak Delaware, li ap bay dlo potab pou plis pase 15 milyon moun. Gouvènè kat basen eta yo ansanm ak yon reprezantan federal ap sèvi kòm Komisè Basen Rivyè Delaware lan, ki gen responsabilite pou sipèvizyon apwòch ki inifye nan jere sistèm rivyè a san konsidere limit politik yo. Komisyon an te fè sipèvizyon nan basen an pou pwoteksyon kalite dlo yo, alokasyon sous dlo yo, revizyon regilatwa yo (pèmi), inisyativ konsèvasyon dlo yo, planifikasyon pou basen vèsan yo, jesyon sechrès, rediksyon pèt inondasyon yo, ak rekreyasyon.

Rezolisyon DRBC a rive apre adopsyon Kongresyonèl nan mwa Desanm pase a pou Lwa sou Konsèvasyon Basen Rivyè Delaware lan. Jan sa te otorize konjwentman pa Manm Kongrè Carney nan epòk sa ak Senatè Ameriken Delaware yo Tom Carper ak Chris Coons, Lwa sou Konsèvasyon Basen Rivyè Delaware lan egzije pou patnè lokal, federal ak eta yo travay ansanm epi prezève basen an. Kongrè a te adopte Lwa a kòm yon pati nan yon pi gwo pake lwa lejislatif nasyonal ke yo konnen sou non Lwa sou Amelyorasyon Enfrastrikti Dlo yo pou Nasyon an (Water Infrastructure Improvements for the Nation Act).

Devlopman kabiran ak gaz apati fraktirasyon idwolik yo nan Basen Rivyè Delaware lan li te yon pwoblèm depi 2010, lè senk komisè DRBC yo te vote alinanimite pou “ranvwaye konsiderasyon pil dokiman ki byen gwoupe yo jiskaske yo adopte règleman yo”. Aksyon sa te mete an plas efektivman yon peryòd moratwa tanporè defakto kote y’ap fouye tou pou gaz natirèl yo nan divès konte ki nan Pennsylvania ak kèk pati nan rejyon sid New York. Depi 2011, DRBC ak pati siyatè yo te antreprann efò rechèch ak diskisyon entansif yo ki an rapò a eskavasyon gaz ajil enkonvansyonèl yo ki te abouti a rezolisyon ki te adopte jodi a.

An plis, pou kapab asire pwoteksyon sous dlo yo ki nan basen an ak lòt kote yo, Pennsylvania ak New York yo toulède te devlope pwogram global yo pou kapab jere efektivman dechè ak pwodwi ize yo ki te pwodwi kòm yon rezilta gwo volim operasyon idwofraktirasyon idwolik yo. Pwoteksyon sa yo se yon aspè nan pwogram eta yo pou kapab jere dechè solid ak sa ki danjere yo, menm jan ak pou trete dechè yo an akò ak Lwa sou Dlo Pwòp (Clean Water Act) federal la ak pwogram dlo pwòp eta a ki analòg yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418